

# Resous pou Fanmi Imigran yo

---

Si w se yon imigran k ap pran swen yon fanmi (tankou yon paran, responsab legal, moun ki gen gad legal oswa yon lòt fanmi) epi ou gen kè sote paske yo ka separe ou ak pitit ou pou zafè aplikasyon lwa imigrasyon, men kisa ou ka fè pou w ka jwenn èd pou planifye pou demen:

- Kontakte yon **founisè sèvis jiridik** gratis ak fyab pou ba ou konsèy ak enfòmasyon.
  - Chwazi yon **responsab legal ranplasman** ki rele yon "sekou" tou, sizoka ou pa ta ka okipe pitit ou.
  - Chwazi yon **kontak pou ijans** epi memorize nimewo telefòn yo. Sa ta dwe yon moun ou fè konfyans, yon moun tankou avoka ou pa egzanp.
  - Mete ajou enfòmasyon **kontak pou ijans** ou ak lekòl pitit ou a.
- 

**Pou jwenn èd jiridik imigrasyon gratis ak konfidansyèl, tankou èd pou chwazi yon responsab legal ranplasan, rezidan New York yo ka rele ActionNYC nan 1-800-354-0365 ant 9 A.M. ak 6 P.M. lendi jiska vandredi oswa rele 311 epi di "ActionNYC."** ATANSYON ak ajan sèvis imigrasyon ki pwofite sou kliyan yo. Jwenn èd sèlman nan men yon avoka ki gen lisans oswa yon reprezantan akredite ou ka fè konfyans.



# Kesyon yo poze souvan

## Kisa yon Responsab Legal Ranplasan ye?

Yon "responsab legal ranplasan" se yon moun ki aji tankou yon "sekou" pou bay swen an ka moun ki responsab pou pran swen timoun nan pa ka pran swen pitit li paske otorite imigrasyon arete oswa kenbe li oswa yo depòte li.

## Èske sa pral afekte dwa parantal mwen si mwen chwazi yon responsab legal ranplasan?

Non. Lè w chwazi yon responsab legal ranplasan se pa menm bagay ak lè ou abonde dwa parantal ou yo. Responsab legal ranplasan an pral ranplase paran an sèlman si yon paran separe ak pitit li.

## Ki pouvwa responsab legal ranplasan yo genyen? Poukisa mwen ta dwe chwazi youn?

Responsab legal ranplasan yo gen pouvwa pou pran desizyon enpòtan pou yon timoun ki nan men yo, tankou gwo desizyon medikal ak desizyon konsènan ki kote pou timoun nan ale lekòl. Se sèlman si ou vle ou bezwen chwazi yon responsab legal ranplasan, epi sa pa pral afekte dwa parantal ou yo.

Yon responsab legal ranplasan se yon plan pou pitit ou si imigrasyon ta arete ou, mete ou nan prizon oswa depòte ou. Lè ou chwazi yon responsab legal ranplasan, sa pral ede ou gen garanti pitit ou ap an sekirite epi moun k ap okipe li a gen tout pouvwa li bezwen pou pran desizyon ki bon pou pitit la.

Si ou pa alèz pou w chwazi yon responsab legal ranplasan, gen lòt opsyon legal ou ka konsidere pou asire pitit ou an sekirite an ka ou ta nan pwoblèm ak imigrasyon. Pale avèk yon avoka ki gen lisans oswa yon reprezantan akredite ou ka fè konfyans pou jwenn plis enfòmasyon.

## Kisa k ap pase si mwen pa chwazi yon responsab legal ranplasan ep yo arete mwen, mete mwen nan prizon oswa yo depòte mwen?

Jeneralman palan, yo t ap kite pitit ou a nan men yon moun ki ka responsab li, yo pa t ap mete li nan yon fwaye dakèy.

Sepandan, si moun sa a pa yon responsab legal ranplasan, pouvwa li pou pran desizyon enpòtan pou timoun nan, tankou desizyon medikal, ap limite.

## Kiyès mwen ta dwe chwazi kòm responsab legal ranplasan mwen?

Ou ta dwe chwazi yon moun ou fè konfyans pou pran swen pitit ou.

Pa gen okenn kondisyon imigrasyon pou yon moun ka yon responsab legal ranplasan. Men, gen lòt kondisyon espesifik, donk moun ki enterese yo ta dwe pale ak yon avoka konsènan ki moun yo ta dwe chwazi kòm responsab legal ranplasan pitit yo.

## Èske gen lòt chwa legal pou chwazi ki moun ki pral pran swen pitit mwen an?

Imigran ki gen timoun anba responsabilite yo gen lòt chwa pou ede yo planife pou demen, epi yo dwe konsilte yon avoka pou pale plis sou sa.

